

Syans Sosyal (Istwa d Ayiti)

Plan leson

Sitwayen-Lidè ki prepare l : Carlène JEAN-PAUL

Pou Elèv yo, pou Peyi nou !

Revizyon : MIT-Ayiti (2022)



Klas : 5yèm ane fondamantal

Matyè : Syans Sosyal

Tèm : Istwa d Ayiti

Objektif espesifik : Apre seyans lan, aprenan yo ap kapab idantifye zouti pou yo chache fè yon lòt 18 novanm, san vyolans, pou yon demen miyò.

Kontni : Kèk zouti k ap ede n fè yon lòt 18 novanm

Dire : 45 minit

Materyèl : Kaye, plim, kreyon, tablo, planch (desen)

Miz an tren (3 minit) : Anseyan ak aprenan ap chante chan sa a :

*Devan Vètyè, drapo n te fyè
Boulèt ak mitray t ap pase wete zantray
Capois La Mort ki pa janm pè lanmò
Di : « Ann avan.
Nou pa gen dwa pè blan ! »
Grenn bal fè lapli, tout nèg t ap ri
Rochambeau pran kriye « Bravo »
Lè l wè yon drapo koulè ble e wouj t ap monte alaso.*

Dekouvèt (20 minit) : Divize aprenan yo an plizyè gwoup. Chak gwoup ap gen 4 oubyen 5 aprenan. Itilize yon paj kaye pou trase 3 kolòn.

Konnen	Vle konnen	Aprann

Mande chak gwoup pou yo reflechi, brase lide antre yo epi ekri sa yo konnen e sa yo vle konnen sou

zouti sa yo ki te sèvi nan Batay Vètyè. Ankouraje yo pataje repons yo sou kesyon sa yo :

1. Ki sa « revolisyon » vle di ? Ki sa sa vle di lè n di Batay Vètyè a se te dènye batay nan revolisyon ki te mennen peyi a pran endepandans li nan dat 1^e janvye 1804 ?
2. Ki zouti « Lame endijèn » la te itilize pou yo te genyen Batay Vètyè a ?
3. Nan sitiyasyon peyi a ye jounen jodi a, sanble nou bezwen yon 2yèm revolisyon ? Ki kalite revolisyon nou bezwen ?
4. Èske zouti sa yo ki te sèvi zansèt nou yo nan Batay Vètyè toujou itil jounen jodi a pou n rive fè 2yèm revolisyon sa a nan mitan frè ak sè ayisyen parèy nou ? Esplike repons ou.
5. Idantifye 5 nouvo zouti k ap ka ede n fè 2yèm revolisyon sa a jounen jodi a ?

Sentèz (8 minit) : Anseyan an mande klas la pou yo idantifye 5 zouti ki ka ede n fè yon lòt revolisyon tankou sa 18 novanm 1803 a, men, san vyolans. Kòman n ka fè yon lòt moun konprann nouvo zouti sa yo ?

Evalyasyon (5 minit) : Sou kaye yo, aprenan yo ap gen pou yo fè yon trè pou relye chak nan 5 zouti sa yo ak enpòtans yo genyen pou rive fè yon lòt revolisyon nan mitan frè ak sè ayisyen nou yo.

Zouti

1. Dyalòg
2. Ankadreman jèn yo
3. Antreprenarya
4. Teknoloji nimerik
5. Lidèchip

Enpòtans zouti a

- a. Chak aprenan se lidè nan zòn li.
- an. Zouti enfòmasyon k ap kore aprantisaj.
- b. Ede wè lòt jenerasyon ki prè pou sèvi Ayiti.
- ch. Ede nou jwenn antant.
- d. Krete biznis k ap pwofite tout peyi a.

Pwolonjman (3 minit) : Aprenan yo ap kontinye mande moun nan antouraj yo 5 lòt zouti ki ka kontribye nan revolisyon jodi a, san vyolans pa ladan l.